Demonstrasyon Asistans Lwaye (RAD)



# Fich Enfòmasyon #6

## Lwaye

*Nan kad pwogram Seksyon 8 ki baze sou pwojè a, lokatè yo kontinye peye 30% nan revni ajiste yo pou lwaye.*

## Kijan Lwaye a Kalkile nan Lojman Piblik ak nan Seksyon 8?

**Pifò rezidan lojman yo deja genyen yon *lwaye ki baze sou revni* kote rezidan yo peye 30% nan revni ajiste yo pou lwaye ak sèvis piblik.** La Section 8 (Bons par projet ou Aide au loyer par projet) base également le loyer sur 30 % du revenu du résident. Ainsi, la plupart des résidents n'auront pas à augmentation de loyer en raison de la RAD.

Sèten rezidan lojman piblik peye yon ***lwaye fòfetè*** ki baze sou revni e ki pa ogmante oswa diminye ofiamezi revni rezidan an ap ogmante oswa diminye. Fwaye lojman piblik ki kounye a peye yon lwaye fòfete ka pa gen yon chanjman lwaye paske Seksyon 8 la pa pèmèt lwaye fòfetè. **Dapre Section 8 la, ou pral peye yon lwaye ki baze sou revni ki fikse a 30% revni ajiste fwaye w la.** Si lwaye yon rezidan ta ogmante, RAD pèmèt ogmantasyon yo "echelone."

## Èske Lwaye m nan Pral Ogmante nan Kad RAD?

Pi fò rezidan yo **pap** gen ogmantasyon lwaye akoz RAD.

Si w ap peye yon **lwaye fòfetè** nan lojman piblik,ou pral gen plis chans pou peye plis nan lwaye avèk tan an ofiamezi w ap pase nan yon lwaye ki baze sou revni. Si lwaye w la ta ogmante de 10% oswa $25, oswa plis, nouvo lwaye w la pralechelone. Sa vle di ou p ap gen pou kòmanse peye tout montan lwaye ki baze sou revni an imedyatman. Olye de sa, lwaye w la pral ogmante yon ti kras chak ane. PHA a dwe echelone nan ogmantasyon lwaye a omwen 3 ane men li ka chwazi echelone nan ogmantasyon an nan 5 ane.

## Kisa ki Rive si Revni mwen ChanjeApre yon Konvèsyon RAD?

**Nan Seksyon 8 la, kòm nan ka lojman piblik, lè revni ou chanje, lwaye w chanje.** Si revni w bese, lwaye w bese. Epi si revni w ogmante, lwaye w ogmante tou. Revni w ak lwaye w pral rekalkile pandan pwochen re-egzaminasyon anyèl ou a epi, si revni w lan chanje, peman lwaye w lapral ajiste. Anplis chanjman nan lwaye w la ka rive ant re-egaminasyon anyèl ou a. Egzakteman fason sa rive a depann de ki pwogram Seksyon 8 PHA itilize pou bilding ou an apre konvèsyon RAD la. Si bilding lan sibvansyone avèk Koupon ki Baze sou Pwojè a (PBV), PHA ka fikse pwòp politik li pou evalyasyon revni. Si bilding nan sibvansyone nan itilize Asistans Lwaye ki Baze sou Pwojè (PBRA), pwopriyetè bilding nan dwe ajiste lwaye w la chak fwa revni w chanje a $200 oswa plis pa mwa. (Pou plis enfòmasyon jeneral sou diferans ant PBV ak PBRA, gade **Fich Enfòmasyon #4 la: Diferans Ant Koupon ki Baze sou Pwojè ak Asistans Lwaye ki Baze sou Pwojè**)



***Nashville, TN:*** *Audrey Bone te yon rezidan lojman piblik Cayce Place pandan 17 ane. Atravè RAD, li te kapab enstale nan premye kay lwaye tou nèf li pandan li te rete nan katye l.*